

9yèm
Ane

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè Lekti Paran Yo

Li pa janm twò
bonè yo
kòmanse
reflechi sou
lavni an

Si pitit ou a ap reve sou kolèj ak karyè ki pwofitab, ou kapab ede l fè rev la vin reyalite. Si w pa sèten kijan pou fè sa, ou kapab itilize pwèn ki nan lis sa a pou ede pitit ou a rete sou bon chemen pou reyalize objektif akademik li.

Excelling nan zafè lekòl
la -
Bon abitud etid
fè yon diferans



Kolèj aksesib!

Ede elèv la EKSELE

- Travay byen lekòl
- Pran kou ki nesèsè yo
- Òganize

Mete anfaz sou bezwen elèv la genyen pou l kontinye travay byen lekòl ✓

- Ede elèv la defini objektif epi fè plan pou ane akademik la.
- Prezans ak nòt konte, donk, mete anfaz sou enpòtans vin lekòl chak jou epi revize nòt li avèk li regilyèman.
- Pale avèk li sou pwogrè ou espere l ap fè.
- Ede elèv la rete òganize epi devlope yon woutin pou l fè devwa, si li poko genyen youn.
- Pale avèk konseye akademik la nan lekòl elèv la pou fè sèten elèv la sou wout pou li gradye .

ANGAJE diskisyon avèk elèv la sou sijè ki enpòtan

- Patisipe
- Pase tan avèk bon moun
- Fè bon chwa

Bay konsèy pou ede elèv la rete sou yon bòn vwa ✓

- Patisipe nan lekòl elèv la epi ankouraje l patisipe nan aktivite aprelekòl.
- Chèche konnen zanmi elèv la ak fanmi yo.
- Ede elèv la konprann konpòtman ki apwopriye sou platfòm medya sosyal.
- Pataje sa ou espere, ak risk ki genyen nan konpòtman tankou bwè, pran dwòg, ak relasyon seksyèl.

EKSPLORE avèk pitit ou

- Eksplòre opsyon semènè sou kolèj ak karyè
- Aprann kijan pou peye pou kolèj

Kolèj aksesib ✓

- Pale avèk elèv la sou objektif pou lavni, epi ede l fè yon plan.
- Kòmanse reflechi sou ale nan ekspozisyon kolèj ak vizite kolèj lokal yo.
- Aprann kijan pou peye pou kolèj tankou bousdetid ak èd federal si nou elijib.
- Kreye yon kont epay pou kolèj epi ankouraje elèv la kontribye ladan nan travay atanpasyèl ak pandan granvakans.



**10yèm
Ane**

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè Lekti Paran Yo

Li pa janm twò
bonè yo kòmanse
reflechi sou lavni
an

Si pitit ou a ap reve sou kolèj ak karyè ki pwofitab, ou kapab ede l fè rèv la vin reyalyte. Si w pa sèten kijan pou fè sa, ou kapab itilize pwèn ki nan lis sa a pou ede pitit ou a rete sou bon chemen pou reyalize objektif akademik li

Ede elèv la EKSELE

- Travay byen lekòl
- Pran kou ki nesèsè yo
- Òganize
- Prepare pou admisyon nan kolèj oswa tès pou antre nan lekòl pwofesyonèl

**Kenbe fè byen epi
rete sou track!**

Mete anfaz sou bezwen elèv la genyen pou kontinye travay byen lekòl ✓

- () Ede elèv la defini objektif ak plan pou ane akademik la.
- () Prezans ak nòt konte, donk, mete anfaz sou enpòtans vin lekòl chak jou epi revize nòt li avèk li regilyèman.
- () Ede elèv la rete òganize epi devlope yon woutin pou l fè devwa, si yo poko genyen youn
- () Pale avèk estaf lekòl elèv la pou fè sèten elèv la sou wout pou li gradye.
- () Ede elèv la pratike bon abitud nan ekri, ak kominikasyon oral.
- () Ankouraje elèv la pran ACT oswa PSAT.

ANGAJE diskisyon avèk elèv la sou sijè ki enpòtan

- Patisipe
- Pase tan avèk bon moun
- Fè bon chwa

Bay konsèy pou ede elèv la rete sou yon vwa pozitif ✓

- () Patisipe nan lekòl elèv la epi ankouragje l patisipe nan aktivite nan apremidi.
- () Chèche konnen zanmi elèv la ak fanmi yo.
- () Ede elèv la konprann konpòtman ki apwopriye sou platfòm medya sosyal.
- () Pataje espwa ou, ak risk ki genyen nan konpòtman tankou bwè, pran dwòg, ak relasyon seksyèl.

EXPLORE avèk elèv la

- Eksplòre opsyon fòmasyon sou kolèj ak karyè
- Aprann kijan pou peye pou kolèj

Kolèj aksesib ✓

- () Pale avèk elèv la sou objektif li epi ede l fè yon plan.
- () Kòmanse reflechi sou ale nan ekspozisyon sou kolèj epi vizite kolèj lokal yo.
- () Aprann kijan pou peye pou kolèj tankou bousdetid ak èd federal si nou elijib.
- () Kreye yon fon epay pou kolèj epi ankouraje elèv la kontribye ladann nan travay atanpasyèl ak pandan granvakans.



**Kolèj
aksesib**



Achieve Palm Beach County ★ **Asire Aksè ak Siksè nan kolèj**

Adapte dapre "Oregon Goes To College"